ИлъэсыщIэмкIэ дынывохъуэхъу! 2019

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№156 (23.814) ● 2018 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 29, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. Къэрал советым и зэIущIэ Кремлым щригъэкIуэкIащ доброволецхэм (волонтёрхэм) я зэщIэхъеенытгъэмрэ социальнэ IуэхущIэм телажьэ IэнатIэхэмрэ зегъэужьыным теухуауэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К. В.

Доброволецхэм (волонтёрхэм) я зэщIэхъеенытгъэмрэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным телажьэ IэнатIэхэмрэ зегъэужьыным теухуауэ Къэрал советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ КIуэкIуэ Казбек

«ЗЭРЫГУРЫIУЭГЪУЭЩI, волонтёрхэм ядэIэпыкъуныр пIалъэ пыхьыкIам тещIыхьауэ щытынукъым. А лэжьыгъэм фIэкIыпIэ имыIэу адэкIи пащэнущ. Правительствэм игъэхьэзыращ 2025 гъэм нэсыху доброволецхэмрэ волонтёрхэмрэ я зэщIэхъеенытгъэм зегъэужьыным теухуа концепциэ. А лэжьыгъэм и план зэпкърыхаэр федеральнэ IэнатIэми щIынальэхэми щыIэхалъхьэн икIи волонтёрхэм защIэгъэкъуэнымкIэ Стратегие жэрдэмхэмкIэ агентствэм игъэхьэзыра стандартыр абы хагъэхьэн хуейщ. ИпэжьипIэкIэ къапщтэмэ, ар щIынальэхэм щыщ гупхэр адэкIэ зэрылэжьэну унэтIныгъэщ, абы къыхэкIыу щIынальэхэм я Iэтащхьэхэм сольэIу стандартым къыщыгъэлъэгъуа лъэбакъуэхэр зэкIэлъыкIуэу зэрагъэзащIэм волонтёрхэм ящIыгъуу кIэлъыплъыну», - къиригъэлъэгъуащ къэралым и Iэтащхьэм.

Путин Владимир къыхэхуэсахэм гу лъаригъэтащ щIынальэ волонтёр центрхэмрэ IэнатIэ щхьэхуэхэм я волонтёр центрхэмрэ къыхэгъэпэщын зэрыхуейм.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ социальнэ къалэнхэр зыгъэзащIэ, фейдэ къэлэжьыным хуэмыныжтIа органхэмрэ IэнатIэ щхьэхуэхэм я низацэхэм ахъшэкIэ ядэIэпыкъуныр, абыхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэныр. Путин Владимир къыхигъэщхьэхуакIащ апхуэдэ Iуэхущ IанIэхэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр бюджетым и хьэкъкIэ зэфIагъэкIыну 2017 гъэ лъандэрэ хуит зэращIар.

Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ доброволецхэм я лэжьыгъэр ядэIыгъыным ар хэIущIыIу щIынымрэ хуэгъэза Iуэхуэхэр. Республикэм и доброволецхэм (волонтёрхэм) я зэщIэхъеенытгъэм цIыху мин 18-м щIигъу къызщIеубыдэ. 2018 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм КIуэкIуэ Казбек къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и деж къыщIызрагъэпэщащ Доброволецхэм (волонтёрхэм) я IуэхуэхэмкIэ совет.

Республикэм и еджапIэхэм доброволец (волонтёр) отряди 156-рэ щоналжьэ, апхуэдэу доброволецхэм (волонтёрхэм) я зэгугъэныгъэхэр къыщызрагъэпэщащ. Бэрэбэн Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэIуахащ доброволецхэм (волонтёрхэм) я зэщIэхъеенытгъэм зыщIэгъэкъуэнымрэ абы зегъэужьыныжмкIэ щIынальэ ресурс центр. Иджыпсту жыджэру йолэжь «Урысейм и доброволецхэр» информацэ системэ зэгугъэтыр зэтегъэувэным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IанIэ.

● КъБР-м и Парламентым

ЛэжьакIуэхэр ягъэгушхуэ

КъБР-м и Парламентым, хабзэ дахэ хъуауэ, Илъэсыщ IэмририхьэIэу щагъэлъапIэ республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэр. Мы гъэми, дыгъэгъазэм и 27-м, КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхыльыр цIыху 42-м, фIыщIэ тхыльхэр - цIыху 33-м хуагъэфэщащ.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ** жиIащ Iуэхуэгъуэшхуэм къызэрырагъэблагъар гъащIэм щынэхъыщхьэ IэщIагъэхэм ирилажьэ цIыхухэр: егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, щэнхабзэ Iуэхущ IанIэхэм я лэжьакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, нэгъуэщIхэри.

- Си фIэщ мэхъу нобэ къедгъэблагъа дэтхэнэри и IэщIагъэм зэрыхуэпэжыр, жэуаплныгъэ хэлъу и лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтыр, - жиIащ Егоровэм. - 2018 гъэр жылагъуэ-политикэ IуэхуэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. Абыхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Конституцэмрэ КъБР-м и Парламентымрэ илъэс 25-рэ зэрырикъуар. ЦIыхубзэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ а Iуэхугъуитым нобэрей ди зэIущIэми и пщIэр нэхъ лъагэ ещI. Щэч хэмылъу, фIыщIэ псалъэхэр яхуэфащэщ ди нэхъыжьыфIхэм, дэтхэнэми и гъащIэ гъуэгуанэр дэркIэ щапхъэщ. Апхуэдэуи къыхэзгъэщыну сыхуейт мыхьэнэ нэхъ мымащIэ иIэу иджыри зы Iуэхугъуэ. Ар - ВЛКСМ-р илъэси 100 зэрырикъуаращ. ИкъукIэ си гуапэщ къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIа, куэд зыхуэзфIэкIа а щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм хэтахэри нобэ зэрыдгъэлъапIэр. Илъэсыщ Iэр фи унагъуэхэм хуэгъурлыну, ехъулIэныгъэхэм къахэвгъэхъуэну, узыншагъэ фиIэну сынывохъуэхъу поми.

КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхыльыр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ Лэжьыгъэм и ветеран **Авруцкий Владимир**, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ къудамэм и цIыхубэ егъэблагъаIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Абазэ Хьасанбий**, КъБР-м и Парламентым и III, IV зэхуэсыгъуэхэм я депутат, КъБКъУ-м физиологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI **Иуан Анатолэ**, КъБР-м ЦIыхубэ зыхъумэжыныгъэмкIэ, къэхъукъащIэхэмрэ абыхэм я лъэужьыр гъэкIуэдыжынымкIэ и министерствэм и управленэ нэхъыщхьэм и къудамэм и унафэщI **Хьэтыхъу Беслъэн**, КъБР-м Уэрышагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ, «Ныбжьыщ Iэгвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм Кавказ Ищхьэрэм щIэ къудамэм и федеральнэ координатор **Нэрэн Беслъэн**, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Болэт Арсен**.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Илъэсыщ Iэ хъуэхъу

Аргуэру зы илъэс ноблагъэ я кIэм,
Аргуэру къытхуоблагъэ зы илъэс.
Илъэсхэр зэхуэгуанэу щыгъэблэкIым
И деж гуфIэгъуэ тIуащIэр хэти лъос.
ГуфIэгъуэр ялъоIэсыр щыкIуи ини,
ГуфIэгъуэр щIы хъурейм щызэдаIэт.
ГуфIэжу кIэрэхъуэну илъэс минрэ
Мин куэдкIэ, щIым хъуэхъубжьэр хуэдвгъэIэт.
Дыхьэшхыу къыхреплъ сабийр и гущэм,
КъышыгуфIыкIыу нанэ дырес
Жьэгу мафIэм нуру къигъэнэху жьэгу пащхьэм,
Къырепщэ жьыбгъэр, уэсри къырес.
ПсэкIэ щыбауэу тетыр дунеишхуэм,
Фэладжэ хъуауэ, щIыIэм иремыс.
Дыгъэ пIащIар, пыкIами и фэр шэхуу,
И гъэзэгу темыкIыу махуэ къэс къырепс.
Зэнэзныпс къабзэу къыщIреж псынэпсыр, -
Мыл джанэр псынэм хэт щитIэгъэфын?!
Уэс джэдыгу хуабэм щIэжеикI жыг къуэпсыр
Ирехъу псэ быдэу гъатхэм техьэфын.
И IитI къилэжьым цIыхур щыгугъыжу,
И гугъэр дахэу, дахэу ирепсэу.
Iей зи гум илъым и гурыгъ ижныр
Хабзэ гъэжа щрехъу мы дуней псом!

УЭРЭЗЕЙ Афлик.

ДифI догъэлъапIэ

Къэралым Iулыджышхуэ щызыIа, УФ-м юстицэмкIэ и министру, СССР-м и цIыхубэ депутату, УФ-м и Къэрал Думэм и депутату щыта, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ къулыкъур иIэну зыхуагъэфащэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор **Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ иригъэкIунущ 2019 гъэм щIышылэм и 1-м.

Республикэм и гъуэджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, оперэ уэрэджыкIауэ цIэрыIуэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, цIыхухэм пщIэ зыхуащI жылагъуэ лэжьакIуэ **Жылокъуэ Мухьэмэдин Зырамыку и къуэм** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ ди пIэлъкъым и щIыхьыр утыкушхуэхэм щызыIэта а лIы щыпкъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр.

Къэбэрдей адыгэхэм я тхыдэр архив дэфтэрхэм къызэрыхэщыр

Адыгэ тхыдэр Iупщ1у уи нэгу къыщIэзыгъэхьэ дэфтэр лъапIэхэр зэрыхуа тхылъ щхьэпэщ иджы дыдэ Бейтыгъуэн Сэфарбий зэхигъэувауэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа щIэнгъуазэ кIэщIыр.

«КАБАРДИНЦЫ: факты истории в архивных документах и материалах» - аращ зэреджэр зи гугъу тщIы тхылъым. Абы къызэщIеубыдэ Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм щегъэжьауэ Хэку зауэшхуэм и пэ къыхуэ лъэхъэнэм нэс.

«Тхылъыр щIэнгъуазэ щыкIэу зэхэгъэуваущ, - щетх ар зи Iэдакъэщ1экI Бейтыгъуэн Сэфарбий пэублэм. Зытеухуам елъытауэ, я инагъкIэ зэщхьэщыкIыу, тхыгъэр Iыхьипщ1рэ псалъащхьэ щэщIрэ пIлыуэ гуэшащ».

Сэфарбий зи гугъу ищI Iыхьэхэм я щапхъэ зыбжанэщ: «Къэбэрдеймрэ Урысей империемрэ»; «Заэмрэ зауэлIхэмрэ»; «Экономикэм и кIудамэ щхьэхуэхэр»; «ЦIыхубэ гъащIэм теухуа Iуэхуэхэр». Псалъащхьэхэм дриплъэмэ, тхылъым нэхъыбэжу узыIэпешэ: «Бжьэхэмрэ бжьахуэхэмрэ»; «Iэщ1агъэхэмрэ Iэщ1агъэлIхэмрэ»; «Пщэфl1анIэмрэ пщафIэхэмрэ»; «Тыркум Iэпхъуэхэмрэ къэзыгъэзэжахэмрэ»; «Къэрал зэхъуэкIыныгъэхэм (1865 - 1866 гъэхэм) щIимыдзэ илэ кIуэдыжа адыгэ къуажэхэр»; «Узыншагъэмрэ кхабзагъэмрэ»; «Нэчыжьымрэ унагъуэ уухэкIэмрэ», къинэмыщIхэр.

Къуажэ-къуажэкIэрэ зэхэдзауэ, дэфтэр бжьыгъэшхуэ щызэблэха щIэнгъуазэм уи благъэ е къуажэгъу къыщумыгъуэтыжьынкIэ Iэмал иIэкъым. Тхылъыр къэгъэщхьэпэгъуафIэ ещI абы узыщIрихьэлIэ унэцIэхэр алыфбейкIэ зэкIэлъыкIуэу и кIэм къызэрыщыкIуэм.

Зэрытхар урысыбзэми, зытеухуар уи нэгу къыщIэмыхьэнкIэ Iэмал имыIэу тынщ тхылъым и бзэр. Адэшхуэ-анэшхуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ зыхиубыда лъэхъэнэхэр фIыуэ зэрызэщхьэщыкIым гу лъыуигъатэм и мызакъуэу, къэралыр куууэ зыхэлэбэу щыта унагъуэ гъащIэри уи нэгу къыщIегъэуэ елъэжьауэ лэжьыгъэшхуэ зэрырахьэлIар уи фIэщ зыщI тхылъ купщIафIэм.

ЩIэнгъуазэр зыхиубыда «Адыгэ тхыдэ серием» нэхъ пасэу къыщыдэкIауэ щытащ Опрышкэ Олег («Тхыдэм и лъагъуэхэр»); Бейтыгъуэн Сэфарбий («Къэбэрдей: тхыдэмрэ унэцIэхэмрэ»); Дзэмыхь Къасболэт («Адыгэхэр: тхыдэм и къэгъэшыпIэхэр»); Нало Заур («Адыгэхэм я щэнхабзэм теухуа напэкIуэцIкIэр»); Бгъэжьнокъуэ Барэсбий («Адыгэ этнографием и тхыдэр»); Къэзакъ Аслъэн («Урысей къэралым уэлэжьа адыгэ къулыкъущIэхэр») сымэ я тхылъхэр. Нобэ дызытепсэлъыхьри а сатырым хэуващ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм Илъэсыщ Iэ уэздыгъэхэр щыщIагъанэ

Кавказ Ищхъэрэм бгы лыжэкIэ къыщажьыхь и курортхэм а спорт лIэужьыгъуэр фIыуэ зылъагъу псори кърагъэблагъэ 2019 гъэм къуршэхэм щыIущIэну. Курорт псоми къызэрагъэпэщыныр цIыкIуэхэри балигъэри дэзыхьэхыну нэгуэныжь Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр.

КъАПЩТЭМЭ, Къэрэшей-Шэрджэсым и «Архыз» курортым зыгъэпсэхуакIуэхэр щрагъэблагъэнущ удз зэмылIэужьыгъуэхэм къыхащIыкIа шейхэмкIэ, IэфIыкIэхэмкIэ.

Шэшэным и «Ведучи» курортым сабийхэм папщIэ Илъэсыщ1э псей щагъэзувынущ икIи абы иращIэкIыну гуфIэгъуэхэр дыгъэгъазэм и 31-м шэджагъуэм ирихьэлIэу щIадзэнущ. Сабий псоми IэфIыкIэхэр, нэгъуэщI тыгъэхэр хуагуэшынущ.

Ингушым и «Архми» курортым я зэфIэкIыр щагъэлъэгъунущ республикэм и артистхэм.

Iуащхьэмахуэ щыIэ курортым и кIапсэ гъэзугъэр дыгъэгъазэм и 31-м сыхьэт 17-м нэсыху лэжьынущ. Илъэсыщ1эм и ялэ мазэм туристхэр метр 3847-рэ зи лъагагъ щIыпIэм щыIэ «Гара-Баши» станцым нэс дэкIыфынущ.

Нэгэзыужь программмэхэр хьэщIэхэм папщIэ ягъэхьэзырынущ хьэщIэщхэр, ресторанхэр, туристхэм я нэгу зышIагъэужь комплексхэм.

Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм фрагъэблагъэ!

● КъБР-м и Парламентым

Псей нэхъыщхьэм деж

Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зэрихьу Бахъсэн къалэм дэт Щэнхабзэмкl1э унэм и утыкум деж дыгуасэ Илъэсыщ1э зэхьихьэ дахэ щекIуэкIащ. Псей нэхъыщхьэм зэхуишэсат цIыкIуи ини, псоми фIыуэ ялъагъу махуэшхуэм пежьэу.

АБы ХЭТАЩ щIыпIэ administрацэм, еджапIэхэм Пшыхьым кърихьэлIахэм я гукъыдэжыр къаIэтырт утыкум ит Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ. Ахэр я пашэу, зэIущIэ гуапэм хэтахэм псейр къафыхьащ, уэрэдхэр жаIащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, концерт гъэщIэгъуэн ягъэхьэзырат къызэгъэпэщакIуэхэм. ЯпэщIыкIэ Уае Дадэмрэ сабийхэмрэ зэпеуащ къуажэхьэр къэщIэныжкIэ, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, усэ къеджэныжкIэ. Адэкlэ нэгузыужь Iуэхум пащащ Бахъсэн къалэм и къэфакIуэ гупхэмрэ уэрэджыкIуэхэмрэ.

Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ я гъусэу фаеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ къалэдэсхэм.

ИСТЭПАН Залинэ.

УнафэщI хъунухэм папщIэ 2018 - 2019 гъэхэм ирагъэкIуэкI «Урысейм щыпашэхэр» конкурсым и финал ныкъуэм нэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIыху пщыкIух

Мы зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм дыгъэгъазэм и 24-м ирагъэкIуэкIа брифингым щытепсэлъыхьащ иджырей конкурсым хэтхэм, апхуэдэу щIынальэхэм къыщызэрагъэпэща финал ныкъуэхэр зэрырагъэкIуэкIым щIэуэ халъхьаэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIынальэхэм щрагъэкIуэкIа зэпеуэхэм цIыхуи 193-рэ щыпхыкIащ. Абыхэм ящыщу цIыху 16-р (проценти 8,29-р) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщщ.

НЭГЪАБИ хуэдэу, заочнэу ирагъэкIуэкIа Iыхьэм зэфIэкIышхуэ къыщызыгъэлъэгъуаэр федеральнэ округэм щекIуэкIыну финал ныкъуэ зэпеуэм щызэхуэзэнущ. Ялэ махуэм абыхэм тест зэмылIэужьыгъуэхэр драгъэкIуэкIынущ, къыкIэлъыкIуэ махуитIым конкурсым хэтхэр зэпеуэнущ унафэщI лэжьыгъэм пыщIа Iуэхуэхэмкlэ.

УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и ялэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей зэрыжиIамкIэ, финалым нэсын папщIэ, конкурсым хэтым финал ныкъуэм щытекIуэным и мызакъуэу, езыр зыщыщ щIынальэм и дежкIэ социальнэ мыхьэнэ пыухыкIа зиIэ Iуэху зэфIигъэкIну къыпэщытщ. «Урысейм и пашэр унафэщI тэмэму щытыным къыщымынэу, социальнэ жэуаплныгъэ зыхь икIи лэжьыгъэм хуэхьэзыр щIыхуу щытынущ хуейщ», - къыхигъэщхьэхуакIащ абы.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IанIэ.

● Пшыхьхэр

Гум къыбгъэдокI, псэм йохуэбылIэ

Иджыблагъэ Налшык щызэхэтащ пшынауэ Iэзэ Иуан БетIал и япэ концерт. И уэрэдхэмрэ макъамэхэмкIэ куэдым къащIыхуа, фIыуэ ялъэгъуа Иуаным и пшыхьым тIысыпIэ нэщI имыIэу щIыхуэр къекIуэлIат, уеблэмэ билет ямыгъуэтыжу лейуэ къыщIахьа щэнтхэм тесу еплъми арэзыхэри щыIэт.

СЫХЬЭТИТIЫМ нэблагъэкIэ гъуазджэм и дуней телъыджэм щыхьэщIащ къекIуэлIаХэр. Щ1ыхухэм я гукъыдэжыр къэIэтыным и закъуэтэкъым ар зыхэзыублахэм къалэну зыхуагъэувыжар, атIэ пшынэбзэм и гуапагъэмрэ и Iэфlагъымрэ нэсу зэхрагъэщIэнырщ, абыкIэ щIыхупсэм еIэзэнырщ.

Утым щагъэува экран абрагъуэмкIэ дэтхэнэ зы уэрэдми и купщIэр нэхъ куужу зыхыузыгъащIэ нэтынхэр къагъэлъагъуэрт. Псалъэм папщIэ «Арщыдан къафэм» БетIал и адэ къуажэжьырщ къыхэщыр. Абы лъапцIэу къащIызыжьыхь сабий нэфIэгуфIэхэм жылэм щекIуэкI «гъалщIэр» Iупщу уи нэгу къащIагъэувэ. Куэдым фIыуэ ялъэгъуа «Къбэрдей» уэрэдым гъэм и зэманхэм телъыджэу зэрызэрахъуэкIыр, фащ ящыгъыу адыгэшхэм уардэу тес ди щIалэхэр къащIыгъэлъэгъуащ. ГъуэлIэпкъэгъу Щауэмир пшахъуэкIэ къигъэщI дуней телъыджэр «Хы Iуфэ» уэрэдым щIэту утыку кърахьащ. «Анэ» уэрэдыр Иуан БетIал и анэ Нинэ и сурэтхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ.

Адыгэ эстрадэм БетIал къаазэрыхэщыр и пшынэ гъэбзэрэбзэкIэм и закъуэкъым, ар уэрэдус нэхъыфIу къалъытэхэм ящыщщ, хэплъыхь лей зыщIкIэри арэзы ещIыф абы и кьалэм жаным. Гум къыбгъэдэкIыу псэм ехуэбылIэ пшыхьым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Ингушым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием я цIыхубз артист Нэхущ Чэрим, Бэч Азэмэт, НакIэ Залым, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр, нэгъэущIкэри.

Ди зэманым мылъку ббгъэдэлъмэ, концерт къызэбгъэпэщыну Iэзу гугъукъым. КуэдкIэ нэхъ гугъущ цIыкухэм я гум удыхьэныр, абыхэм я гулъытэ, зэман къеIыпхьу арэзы пщIыфбныр. БетIал и концертым кърихьэлIахэр а Iэзу дахэм апхуэдизкIэ дихьэхати, псалъэ лей ягъэIуртэкъым. А пшыхьым къарита гурыщIэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ илъэсыжьым и гулъытIещIэжу къызэраЛъытэр абы щIэса куэдым щатхащ Интернетым.

Лъэбакъуэ дахэкIэ утыку ихьа Иуан БетIал и зэфIэкIыр бгъуэну, лъэпкъым, щэнхабзэм щыпхиш гъуэгур кIыхь, бгъуфIэ хъуну дохъуэхъу!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Нэхущ Iэдэм Мэрем и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 81-нэм иту 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м дунейм ехьжащ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, егъэджакIуэ, къызэгъэпэщакIуэ икIи жылагъуэ лэжьакIуэ Нэхущ Iэдэм Мэрем и къуэр.

Iэдэм Мэрем и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Бахъсэн щIыналъэм щыщ Зеикъуэ къуажэм 1938 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м къыщалъхуащ.

Зеикъуэ дэт курыт школыр 1955 гъэм кIуиха нэужь Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьащ икIи ехьулIэныгъэ иIэу ар 1961 гъэм кIыухащ математикэмкIэ Iэщlагъэ зригъэгъуэтауэ.

1961 гъэм къыщIыщIэдзауэ 1964 гъэ пщIондэ Нэхущ I. М. Ростов, иружьКIэ Новосибирск къалэхэм дэт къэрал университетхэм я аспиранту щытащ. Аспирантурэр къиуха нэужь СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Сыбыр къудамэм математикэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ хъуащ. Iэдэм Мэрем и къуэм 1966 гъэм и кандидат, 1971 гъэм и доктор диссертацхэр ехьулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ дифференциальнэ уравненэхэмрэ математикэ физикэмрэ унэтIныгъэмкIэ.

1973 гъэм Нэхущ I. М. КъБКъУ-м щылэжьэну къакIуэжащ. Абы и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщащ функцхэм я теориемрэ функциональнэ анализымкIэ, автоматикэр зи лъабжьэ системэхэмрэ информатикэмкIэ кафедрэщIэхэр. Абыхэм я унафэщIуи щытащ 1991 гъэ пщIондэ.

1977 гъэм къыщыщIэдзауэ 1990 гъэ пщIондэ Iэдэм Мэрем и къуэр щытащ КъБКъУ-м прикладной математикэмрэ механикэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институту езым и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщам и унафэщIу (абы папщIэ улахуэ кьрамыту). Ар КъБКъУ-м и математикэ факультетым и декану хахауэ щытащ. 1991 гъэм абы и фIыгъэкIэ Налшык къалэм къыщыщIэуахащ прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр, 2010 гъэ пщIондэ езыр зи унафэщIу щытар.

Нэхущ I. М. и егъэджакIэр нелокальнэ задачэхэмрэ уравненэ зэхэль лIэужьыгъуэхэмкIэ Урысейми хамэ къэралхэми щыпэхъ цIэрыIуэ дыдэ еджапIэхэм ящыщщ. Абы иригъэджахэм ящыщу 10-р физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, 40-м нэблагъэр кандидат хъуащ. Абыхэм ящыщ куэд Урысейми, хамэ къэралхэми я еджапIэ нэхъыщхьэхэм я щIэныгъэ къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIу мэлажьэ.

Нэхущ I. М. щIэныгъэм щызыIэригъэхьа ехьулIэныгъэхэм, Iэщlагъэфl зиIэ лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыныкIэ зэфIигъэкIахэм, жылагъуэ Iэхъухэм жыджэру зэрыхэтам папщIэ дунейм псом пщIэшхуэ къыщыхъущIащ. Абы къыхуагъэфэщащ Щ1ыхь орденыр, 3ныбжьэгъугъэм и ордену, медаль зэмылIужьыгъуэ куэд, кьыфIащащ «Урысей Федерацэм и щIэныгъэ Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIэныгъэ Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щIэныгъэмрэ техникэмрэ я Iэнатlэм щыгъэфIигъэкIахэм пащIэ гум иIэныжь.

КIуэкIуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. Тl., Ткачев Е. А., Къуэдзокъуэ М. М., Азычэ С. Хь., Алихъан А. А., Алътуд Ю. Къ., Апажэ А. Къ., АфэщIагъуэ М. Хь., Ахъуэхъу Т. Б., Балъкъыз А. Хь., Беппаев С. У., Берд Хь. А., Бозий Н. М., Бэлэтокъуэ В. Хь., Геляхов А. С., Говоров С. А., Губин Г. С., Жанатаев С. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Иуан П. М., Къалэ З. А., Къанокъуэ А. Б., Къарэмырзэ Б. С., Къардэн М. Н., Къэрмокъуэ Хь. М., КIэрэф М. А., Къумыкъуэ А. М., Мовсисян Г. О., Нэгъуей З. В., Нэхущ З. А., Рахаев А. И., Сэхъу В. Къ., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Тату К. Б., Федченкэ Л. М., Хъурей Ф. А., ХьэфIыцIэ М. М., Хьэщхъуэжь А. Б., Шыхъуэбахъуэ М. Хь.

● Щэнхабзэ

И теплъэри уардэщ!

Илъэсыщ1эм ипэ къихуэу, дыгъэгъазэм и 27-м, Къэрэгъэш къуажэм щекIуэкIащ жылэдэсхэр хуабжьу зыщыгуфIыкIа Iуэхугъуэ щхьэпэ. Мыбы къыщыщIэIуахыжащ, щIэрыпсым хуэдэу, теплъэ дахэ зыгъуэта Щэнхабзэмкl э унэр. Ар къэгъэщIэрэщIэжьыным ухуакIуэхэр илъэс зыбжанэкIэ яужь итащ. Лэжьыгъэхэм псори зэхэту сом мелуани 9-м щIигъу текIуэдащ. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм яухуауэ щыта Уардэ унэр иджырей пщалъэхэм ипкъ иту зэрагъэпэщыжащ. Иджы мыбы щыIэщ Къэрэгъэш къуажэм дэсхэм я нэгу зыщIрагъэужьыныныкIэ, ныжьыщIэхэм гъуазджэм и лIэужьыгъуэ куэдым зыщIыхуагъэсэныкIэ Iэмалыщ1э тельыджэхэр.

КъУАЖЭМ и гъащIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхур даIэтыну мыбы къэкIуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, жылэр зыхьыхь Прохладнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Журавлёв Андрей сымэ, нэгъуэщIхэри.

Гуфlэгъуэм иращIэкIа концертри нэгузыужьыт. Ар къыздэгъэпэщащ къуажэм щыщ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, ар ефIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ куэд зэфIэзыгъэкI Шал Хъусенрэ абы и щхьэгъусэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ. Къуажэдэсхэм я пащхьэ зыкъыщагъэлъэгъуащ ди республикэм щыцIэрыIуэ артистхэу Сокъур Ольгэ, Хьэкъул Оксанэ, Тхьэзэпль Залинэ, Жыгун Эдуард сымэ, нэгъуэщIхэми.

Зэхьхьэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ зыубгъуа ди газетым и кьыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Ди махуэгъэпс

Лейуэ дунейм зыри къытехьакъым

1994 гъэ лъандэрэ дунейм щагъэлъапIэ КъэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ (биологие зэмылIэужьыгъуагъэм) я къэрал зэхуаку махуэр. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и унафэкIэ ар дыгъэгъазэм и 29-м ирагъэхьэлIащ. Мурадыр хуэгъэзащ, нэхъ цIыкIу дыдэхэм я бее къыщегъэжьауэ цIыхухэм я деж щиухыжу, псэ зыIут псоми гъащIэ яIэну зэрахуэфащэм иджыри зэ дегупсысыным.

ЭКОЛОГ цIэрыIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, щIыуэпсыр зыхуэкIуа щытыкIэм Iэмал гуэр икIащIпIэкIэ къыхуэдмыгупсысмэ, щхьэзт дытетхъэнуущ къэкIыгъэрэ псэущхьэу къызэтенахэм ящыщу лIэужьыгъуэ мин 11-м нэблагъэ зэман гъунэгъум къриубыдэу дунейм зэрытекIуэдыкIыжьыным.

Хэт и дежкIи щэхуэкIым щIыналъэ куэдым щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр щысхьыншэу зэращIагъэкIуэщIым, мэзхэр зэрыщIрауплщIыкIым, алъандэрэ цIыхуIэ зыльэмыIэсауэ щыта щIыпIэ дэгухэм ухуэнысущIэхэр зэрыщIаухуэм я зэранкIэ, дызытепсэукI щIыгум и теплъэм къыпхуэмыщIыхужьын хуэдизу зэрызихъуэжьым. Дыкъэзыухъуреихь дунейр зэрауфIейр, дунейм и щытыкIэм псынщIэу зэрызихъуэжьыр, пшахъуэщIхэм зэрызаубгъур, нэгъуэщIхэри зи гугъу тщIы щхьэусыгъуэхэм ящыщщ.

Дызытет дунейм къытехьуакъым къэкIыгъэ, псэущхьэ лейхэр. Дэ псоми ди къалэнщ Щ1ы хьурейм къыдита фIыгъуэ псоми дыхуэсакъыну, зэрытхъумэ и мызакъуэу, ахэр гъэбзэгъуэным дыхущIэкIыну.

Щ1ыуэпсыр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дыкъэзыуухъуреихь дунейм къыщхьэщыжьныныкIэ унэтIныгъэщIэхэр хэгъэунэхукIыныр, Щ1ы хьурейм биологие зэмылIэужьыгъуагъэр къыщыIэтегъэнэным хуэгъэза политикэр дэнэкIи щегъэкIуэкIыныр.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапl э.

● Хъыбар гуапэ

Инарыкъуейдэсхэр токIуэ

Урысейпсо Щ1ыхубэ Фронтым и жьауэм щIэту лажьэ щIалэгъуалэ гупым къызэрагъэпэщауэ иджыблагъэ Сочэ къалэ футболымкIэ щекIуэкIа «Уличный красава» урысейпсо зэпеуэм «Инарыкъуей» гупыр пашэ щыхъуащ.

КЪЫХЭГъЭщ1ыпIхъэщ мы зэпеуэр профессиональнэу футболым зыхуэзымыгъаэ ныбжьыщIэхэм папщIэ зэрызэхашар. Абы и япэ Iыхьэу муниципальнэ щIыналъэхэм щекIуэкIам футбол гуп минищрэ щитхурэ хэтащ.

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм къыдэкIа ныбжьыщIэхэм я ехьулIэныгъэм езыхэр зэрыщIигуфIыкIам нэхъри хуэдитIкIэ нэхъыбэу ахэр къызыдэкIа жылэр иригушхуэу. Уи гуапэ мыхъуу кьанэркъым иужьрей зэманым хабзэ дахэу кьаублауэ текIуэныгъэ зыIэрызыгъэхь ди щIалэгъуалэм адыгэ бэракъыр лъагэу зэралэтыр.

Инарыкъуей жылэжьми, щIыналъэми илъэсыщIэ тыгъэ лъапIэ къызэщIа щIалэхэри ар зыгъэсахэри Тхьэм иригъэфIакIуэ!

ТекIуэныгъэ зыIэрызыгъэхьа ныбжьыщIэхэр къызыдэкIа кьуажэм футбол ут екIу къызыхуэтыншэу щагъэуваш.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

ИлъэсыщIэм мафIэсым фыхуэсакъыну зыщIывмыгъэгъупщэ

Илъэсыщ1э махуэшхуэхэм зыщ1ыхуэвгъэхъэзыркIэ фысакъын зэрыхуейр фигу къэдгъэкIыжынут.

НЭХЪЫБЭУ мафIэс къызыхэкI щхьэусыгъуэхэм ящыщщ илъэсыщ1э псейр хабзэм тету, шынагъуэншэу зэрамыгъэувыр, хьэрэкIытIэхэр къэзыгъэсебэпхэр, хьэмэмхэм зыщ1ызыгъэпскIэр зэрымысакъыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым МафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и Iуэхущ1апIэм фигу къегъэкIыж илъэсыщ1э псейхэр щывгъэувкIэ мафIэсым щыхъума фыхъунымкIэ гъэзэщIапхъэхэр:

- школхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм, клубхэм, цIыху куэд зэхуэсыпIэхэм сабийхэм папщIэ щагъэувэ псейр етIуанэ къатым нэхъри нэхъ лъагэ пхыы хъунукъым, абы щыгъуэми щIэкIыпIит иIэу;

- псейр щагъэува пэшми абы и щIыхьэпIэми, мафIэсгъэункIыфI Iэмэпсымэу 3 е 5 щыIэн хуейщ. Апхуэдэхэр щымыIэмэ, гъунэгъу пэшым псы пэгуни 10-м мынэхъ мащIэ щIэтын хуейщ;

- псейм лъабжьэ быдэ иIэн хуейщ, и кьудамэхэр блыным, унащхьэм нэмысу;

- псейр щыбгъэув хъунукъым къызэрагъэхуабэ Iэмэпсымэхэм пэгунэгъуу;

- ар щагъэщIэращIэкIэ псынщIэу къэлыд хьэпшыпхэр фIэбдзэ, мафIэсым щызыхъумэ зэхэль зыщIэзымыфь бжьэхуцкIэ и къудамэхэмрэ лъабжьэмрэ къэбгъэтIылъыхь хъунукъым;

- илъэсыщIэ пшыхьхэр щрагъэкIуэкIкIэ, псейр щыгъэува пэшым уэздыгъэр щыбгъэункIыфI, мафIэс шынагъуэ зыпылъ уэздыгъэхэр къыщыбгъэсэбэн хъунукъым;

- пэшым фейерверкхэр, бенгал мафIэхэр щыщIэбгъэнэнырэ къеэзгъыркъым.

Фи псейр кьэлыд хъумэ, псом япэ мафIэсгъэункIыфIхэр кьевджэн икIи псынщIэу пэшым щ1ыхуэкIэ къыщIэвгъэкIын хуейщ. Электрогирляндэхэр вгъэункIыфI, токым къыпIэфхи къэлыда псейр гъэункIыфIыным яужь фихьэ: ар лъэгум вгъэукIуриI, щэкI Iув тефIхъуэ, псы тефIкIэ е пшахъуэ тефIхъэ. МафIэсгъэункIыфI Iэмэпсымэр къэвгъэсэбэп.

МафIэ зыщIэна полимер материалхэм къыхэщIыкIа псейр псыкIэ вгъэункIыфIыну яужь фимыхьэ: синтетикэр щискIэ мэткIури зэбгрож. Ар щискIэ псы лъэIэсмэ, ткIуэхэр къэкъуалъэнкIэ икIи мафIэсым зригъэубгъуу зэбгриутхыкIынкIэ мэхъу. Къищынэмыщ1ауэ, полимерхэм щхъухь яхэлъщи, мафIэсым зэман кIэщIым фыпэмыльэщамэ, псынщIэу пэшым фыкъыщIэкI.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэсыщ1э пшыхьхэр щрагъэкIуэкIкIэ мафIэс шынагъуэншагъэр къызэрэпэщынымкIэ жэуапыр пщэрылъ щащI Iуэхущ1апIэхэмрэ Iэнатlэхэмрэ я унафэщIхэм.

Илъэсыщ1эр щагъэлъапIэкIэ, щIыуэхэм фэбжь къэхъахыныкIэ хъунущ пиротехникэр сакъыу къамигъэсэбэпмэ. Щ1ымахуэ зыгъэпсэхуГъуэхэм республикэм и сымаджэщхэм нэхъыбэ щохъу зи нэкIур, зи Iэр, нэгъуэщIхэри мафIэм иса балигъхэри сабийхэри. Апхуэдэ фэбжьхэр хах петардэхэр, «бомбочкэхэмрэ» хьэрэкIытIэхэмрэ кьыщагъэсэбэпкIэ зэрымысакъым. Щ1ыхухэм я дежкIэ нэхъ шынагъуэщ иужьрейр: кьэльда хьэрэкIытIэр фэтэрым, лоджием, унэм е къуэдзэщым щIэлъэтэнкIэ мэхъу икIи абы мафIэс, мылъку хэщIынигъэшхуэ, апхуэдэуи фэбжь кьрикIуэнкIэ хъунущ.

Дыщогугъ ди чэнджащхэр уэмм фымыщIыну. ИтIанэми, мафIэс къэхъу хъужькъуэмэ, псом ягъуэ «01» номерымкIэ (стационар телефонымкIэ) е «101», «112» (жыпI телефонхэмкIэ) мафIэсгъэункIыфIхэр къевджэ, щ1ыхухэр пэшым щIэвгъэIэпкъукIи мафIэсгъэункIыфIхэм шынагъуэншэ щIыпIэм деж фащыпэплъэ.

Республикэм щыпсэуэхми абы и хьэщIэхэми илъэсыщIэ пшыхьхэр гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэкIэ гъэщIауэ, зэгъэгумэщIым щымыIэу ирагъэкIуэкIыну дохъуэхъу. Псоми фIыуэ ялъагъу Уае Дадэм и пIэкIэ мафэсгъэункIыфIхэр я унэм ксэмыкIуэну Тхьэм жиIэ! Абы щхьэкIэ зыщ1 узыхуейр: мафIэм фыхуэсакъ, фэри фи Iыхьлыхэри фхъумэ. Илъэсыщ1э дызытехьэм псори дызыщыгуфIыкIын фIыгъуэрэ насыпрэ къытхуихьмэ ди гуапэщ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым МафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и Iуэхущ1апIэ.

● Банк Iуэхуэр

Щ1ыхуэ зэрат щ1ыкIэр ирагъэфIакIуэ

Урысейм и Хъумапl э банкым ирегъэфIакIуэ щ1ыхуэ щхьэхуэхэм щ1ыхуэ зэрарит щ1ыкIэр. Потребительскэ кредит къэзыщтхэм папщIэ абы къыщ1ыхалъхьащ Илъэсыщ1э акцэхэр.

ИЛЪЭСЫЩ1Э акцэхэм япкъ иткIэ «Потребительский кредит без обеспечения», «Потребительский кредит на рефинансирование кредитов» банк IуэхугъуэкIэм щхьэщаткIэхэм процент пункт 0,5 - 2 кIэрагъэху. Апхуэдэу екIуэкIыныгъ 2019 гъэм щ1ышылэм (январым) и 31 пщIондэ.

«Кредитым и кIэух уасэр елъытащ щ1ыхуэ къэзыщтэм и щ1ытыкIэм. Нэхъыбэ дыдэу ар хуагъэмэщIэнущ улахуэ проектым хэт Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм, аккредитацэ зиIэ предприятэхэм пыщIахэм, къищынэмыщIауэ, кредит тхыдэкI зиIэ клиентхэм. Абыхэм дисконт щхьэхуэ къапоплъэ. Я мурадхэр зрагъэхъулIэн папщIэ ди республикэм щыпсэуэхэм а акцэр сэбэп яхуэхъуну сыщогугъ», - къыджиащ Урысейм и Хъумапl э банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Псэм и щэхур къозгъэщIэнут!

Лъэпкъ литературэм и къэкIуэнумрэ абы и зыужьныныгъэмрэ куэдкIэ елъытащ абы къыщIэхъуэ щIэблэм а унэтIныгъэм хуащI хэлъхьэныгъэхэм. Адыгэ усыгъэм япэ лъэбакъуэхэр хэзыча, лъэ быдэкIэ абы хэуба щIалэгъуали дызэриIэр узыгъэгуфIэщ. Лъэпкъ усыгъэм гъунэ изылъхьэм ящыщщ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Къармэхьэблэ къуажэм щыщ Кумыщ Маринэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа «Псэм и щэху» япэ усэ тхылъым иджыблагъэ къыкIэлъыкIуащ «Къозгъэщ1энут» и усэ тхылъыр.

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМ и Iэфlагъыр сабиигъуэ ныбжьым ягъэзэщIа, абы и кьабзагъымрэ дахагъымрэ дахьэха Маринэ и усэхэр район, республикэ газетхэм я напэкIуэцIхэм пасэу кьызэрытехуам, зэпеуэ зэмылIужьыныгъэхэм зэрыхэтам нэхъри тригъэгушхуащ. Абы и усэхэр триухуащ и адэ-анэм, ди щIыналъэм и дахагъым, гум щигъафIэ лъагъуныгъэм, адыгэбзэм. Сабии балигъи, сыт хуэдэ ныбжьым итхэми яхуэгъэза Маринэ и усэхэм кьеджэхэр зыхуагъэушыр дахагъэр, лъагъуныгъэр, анэдэлъхубзэм хуэфащэ гулъытэ хуэщIыныр.



● Гъуэгу къежьапIэ

Зи кьалэмыр лъэпкъ литературэм хуэзыгъэлажьэ, адыгэбзэр зыгъэбзэрабзэ Кумыщым и усэбзэм адэкIи зригъэуэщIыну, хигъэхъуэну, и Iадакъэ кьыщIэкIахэм щIэупщIэ иIэну, и цIэр жьжьэ щыIуну ди гуапэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ тхакIуэ. Къуржым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и урыс къудамэм и тхьэмадэу илъэс куэдкIэ лэжьа, псори фIы дыдэу дызыщыгъуазэ «Уафэгъуагъуэ макъ» («Громовый гул») повестымрэ «Поиски Богов» (зэкIэ адыгэбзэкIэ зэрадзэкIакъым) тхыдэ романымрэ зи къалэмыпэм къыщIэкIа Лохвицкий (Аджыкъу-Джэрий) Михаилрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ зэрыц1ыхуу, зэныбжьэгъуу, щ1эхьщ1эхьурэ зэ1ущ1эу щытыгъ.

ЩIЭНЫГЪЭХЭМКIЭ Дунейпсо Адыгэ академием епха Щэрджэс щIэнгъуаззм ДАХ-м, КъАХ-м я дамэм щIэту Хьэфыщ1э Мухьэмэд къыдигъэкI «Черкесика» тхылъ серием и етIуанэр зыхухахэр зи гугъу тщIа тхыгъэхэрщ. 1985 гъэм «Уафэгъуагъуэ макъым» Хьэфыщ1эм къытрищ1ыкIа пьесэмкIэ Щоджэнц1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым спектакль щIгъуэт режиссёр Фырэ Руслан. Ц1ыхущхуэ къэкIуэн1аIуэ и премьерэр щыIат, езы Михаили къэкIуауэ. И гущIэр къызэщIи1этауэ, гупсэ лей щыхъуауэ епльат ар спектаклым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы и ужькIэ махуэ бжыгъэщ тхакIуэ гъэзэгджэр зэрыпсэужар.

«Адыгэ псалъэ» газетым тетыгъащ пьесэри, и ужькIэ Къэрмокъуэ Хьэмид адыгэбзэм кьырагъэтIэса «Уафэгъуагъуэ макъ» повестри. Иджыпсту Къэбэрдей Адыгэ Хасэм тхылъитI егъэхьэзыр тхакIуэр къызэралъхэрэ илъэси 100 щрикъум триухуауэ. Ял1эр Котляров Виктор къыдигъэкI «Кавказ» серием хэту 2019 гъэм дунейм къытехьэнущ, зи гугъу тщIы повестри романри урысбзэкIэ итынущ. ИщхьэкIэ къыщыхэдгъэща «Черкесика» серием и къудамэ яухуащ тхылъхэр нэхъ зэщIэкъуауэ, нэхъ щIыкIуу къыщыдагъэкIыну. Абы хьыхьну лэжьыгъэхэм я ял1эщ Къэрмокъуэм зэриздзэкIа «Уафэгъуагъуэ макъ» повестыр.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, Аджыкъу-Джэрийхэ къуэпсыбзэщ, Михаил и гуащIэм, и гъащIэм гуапэ хуэзыщIын щIэблэ къыщIэхъуащ. Абы и къуэ Юрэ Москва щопсэу, и адэм и лъагъуэм иримыкIыми, абы хуэзфIэкIам хуэфащэ пщIэ иригъэгъуэту. Псалъэм палпщIэ, Москва и «Ассолог» тхылъ тедзапIэм и бжьыгъэр зы мин хъууэ къыщыдигъэкIащ и адэм и повестымрэ романымрэ зэрыт тхылъ дахэ. Апхуэдэуи «Громовый гул» тхыгъэ ц1эрыIуэр куржыбзэкIэ зэригъэдзэкIри Тифлис дунейм къыщыгитрэхьащ. Ар дыдэм къыщыдэкIащ Лохвицкэм и «Кортанет Iуэтэжхэр» (куржыбзэкIэ).

Юрэ и къуэ Михаил (адэшхуэм и ц1эр сабийм фIащыжурэ зыкъом щIауэ къызэрекIуэкIри гъэщIэгъуэнщ) и адэшхуэм и адэр щызэуэ Будапешт къэзам илъэс куэд щIауэ щопсэу. Абы ипхъуц иджыблагъэ газетым и редакцэм къыз1ырыхьа хъыбар гуапэр зэхьэзIар.

Лохвицкая (Аджыкъу-Джэрий) Аннэ мы гъэм хэтащ модэмкIэ дуней псом зэфIэкI нэхъ щызэпсэуам я Iэдакъэщ1экIхэр щагъэлъагъуэ зэхьихьэшхуэм. ТхьэмахуэкIэ зэхэта Iэуху иным и ц1эр щы1ауад Аджыкъу-Джэрий Аннэ, и зэфIэкIым екъэлIауэ хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIи, ар абы кьыхэнэнущ.

Лохвицкий Михаил и къуэм и къуэрыльху бзылъхугъэ ц1ыкIу зи ныбжьыр илъэс 22-рэ фIэкIа мыхъум европей моделькерэм я гулъытэ кьилэкIащ. Егъэлеяуэ Iэ, Кавказ, нэмыщ къуэпсэр зиIэ хъыджэбзым Будапешт дэт британ колледжыр, Европэм и еджапIэ нэхъыжь дыдэхэм хабжэ Венэ университетым журналистикэмкIэ и факультетыр кьиухащ. Иджыпсту щIэсщ Берлин ГъуэзджэхэмкIэ и институтым и магистратурэм. Ар къиухмэ, фIыуэ ильагъу лэжьыгъэм - щыгъын гъэщIэгъэнхэр къэгупсысыжмрэ зхэр утыку къыхьэныжмрэ - кьанэ щымыIэу зритыну и мурадщ.

- Зэ епльыгъуэкIэ зэхэмыхьэу кьыпщыхъур «зэхэспщэну», ахэр ц1ыхум зэрекIур къэхутэну сфIэфIщ. Принтымрэ (тхылъымпIэм, щэкIым тращIыхь тхыпхъэщ1ыпхъэ зэмыфэгъуэхэщ) плъыфэ щхьэхкIэплъыкIэхэмрэ фIыщ1эу сольагъу. Аущ сэ сыщIэщыгъэщIщ. Москва сыщыщыIым и дежь къыхэзгъэщхьэхукIыр зыщ, Будапешт - ар щынэгъуэщIщ, Венэ - абыхэм емыщхь гъэрщ. АбыкIэ «къуаншэщ» кьалэм и ухуэкIэр, и псэукIэр, и плъыфэхэр, дзэ ц1ыхухэм я гукъыдэжыр, нэгъуэщIхэри. Ауэ зызымыхъуэжыр зы епльыкIэрац: модэр си гурыльхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ, псэукIэмрэ ц1ыху хэтыкIэмрэ кьы-зэрызгъэльагъуэ Iуэхугъуэщ. Ар кьэзгупсыс щыгъныгъуэхэрауи щрет, щыстIагъэхэрауи ирехъуи. Модэм зэманыр, гукъыдэжыр, щы-пIэр, гъащIэм и зы теуэгъуэ гуэр къигъэльэгъуэну Iэмал иIэщ.

Минимализм жьхуэтIэмрэ авангардизмэмрэ я зэхуаку дэт жьпхъэщ Аннэ и Iэдакъэщ1экIхэр зэрытыр. Ахэр щыпплъагъкIэ гу лъымытанкIэ Iэмал иIэкъым зэрыгъэсынщIэм, тыншым, зыхуэйр наIуэу зыщIэ дизайнерым и IэрыкIыу зэрыщытым, лъагъуныгъэм и мэ гуакIуэ «кьаззрыкIэрихым». «ЕкIуу ущытыным къикIыркъым нэм укъыщIэуэн хуейуэ - ар гум укъинэнырц» - дуней псом фIыуэ щ1ыкIыу Армани Джорджмэ мы и псалъэхэр бзылъхугъэм эпиграф зыхимщIыжами ярейщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Зэвгъэц1ыху: ЛОХВИЦКАЯ Аннэ

Л1эужьыр бжьыблкIэ мауэ

Лохвицкая (Аджыкъу-Джэрий) Аннэ

Аннэ къигупсыса щыгъынхэр утыкушхуэм щагъэлъагъуэ.

Афэрым, Сыжажэ Андемыркъан!

● Щ1эблэ зэчинфIэ

2018 гъэр къулейуэ къытхущIэкIащ ди республикэм щыпсэу ныбжьыщIэхэм зы1эрагъэхьа текIуэныгъэхэмкIэ. Къытщ1эхуэ щ1эблэм папщIэ гушхуэныгъэ къытхэзылъхьэ апхуэдэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщц илъэси 10 зи ныбжь Сыжажэ Андемыркъан и ехъулIэныгъэ лъагэр. Щ1алэ акъылыфIэ ц1ыкIур жьыджэр хэтащ дыгъэгъазэ мазэм и пэщIэдзэхэм Малайзиеи и къалащхьэ Куала-Лумпур Ментальнэ арифметикэм и UCMAS программэмкIэ щекIуэкIа 23-нэ дунейпсо зэпеуэхэм, хэтам и мызакъуэу, ещанэ увыпIэр къыщихьащ, зэхьэзэхуэм и Кубокри къыхуагъэфэщащ.

КЪЭРАЛ 80-м къикIа ныбжьыщIэ мин 12-м щIигъу хэтащ мыгъэрей зэпеуэхэм. Ык1ыхь зыбжанэу зэщхьэщхьауэ екIуэкIащ ар, сабийхэм я ныбжьым елъытауэ. Ди къэралым и Iыкlыуэу абы ирагъэбгъащ ц1ыху 40. Абыхэм яхэхуащ ди республикэм и щ1ыхьыр дунейпсо утыкум щызыIэта Сыжажэ Андемыркъан.

- Сэ хуабжьу сфIэхьэлэмэту сыхэтащ дунейпсо зэхьэзэхуэм. Хамэ къэралым щекIуэкIыну а зэпеуэм сызэрыгъэблэгъам, дауи, сыщыгугфIыкIат, арщхьэкIэ ар жэуаплныгъэ инэ зыпылъ Iэхуэгъуэу зэрыщытыр къызэгурагъэIуат си адэ-анэмрэ си егъэджакIуэхэмрэ, - зэхьэзэхуэм топсэльыхьыж щIалэ цIыкIур. - Си текIуэныгъэм я фIыгъэ куэд хэлъщ унэтIакIуэу сиIа псоми.

Зэхьэзэхуэм хэта ныбжьыщIэхэм къапэщ1ылът дакъикъ 8-м къриубыдэу арифметикэ лэжьыгъэу 200 ящ1ыжыну. Ауэ щ1ыхьукIи, есэпыр щащIкIэ, абыхэм къагъэсэбэп хьунутэкъым тхылъымпIи, ручки, зэрыбжэ Iэмэпсымэ гуэри. Ментальнэ арифметикэм дихьэх ныбжьыщIэхэм есэпыр зэрапщIыр гукIэщ, Iэпэкlэщ, хуей хъумэ, Iэпэ счёт (абакус) къагъэсэбэпу аращ. Абыхэм бжыгъэхэр зэхалъхьэн, зэхахын, ягъэбэгъуэн, ягъуэшын хуейт. А къалэн псоми ехъулIэныгъэ иIэу пэлъэщащ Андемыркъан. Зи ц1эджэгъу адыгэ л1ыхьужь щэджащэм хуэфэщэн л1ыгъэ къыкъуэкIащ а ныбжьыщIэм. Зыхэхуа гупым хэтхэм и зэфIэкIкIэ къахэжаныкIащ Андемыркъан икIи дунейпсо зэпеуэм нэхъыфIу къыщ1алъэута сабий зыбжанэм яхэхуащ.

Налшык дэт гимназие №14-м (унафэщIыр Жамборэ Риммэщ) и 5-нэ классым и еджакIуэщ Андемыркъан. Есэпыр фIыуэ зыльагъу, фIы дыдэу еджэ щIалэ гурыхуэр нэгъабэ лъандэ-рэ и студентщ UCMAS Дунейпсо академием Налшык щиIэ къудамэм. Щ1алэ ц1ыкIум бгъэдэлъ зэчийм нэхъри зригъэужьащ абы и егъэджакIуэ гумызагъэ Багъэтыр Залинэ. Андемыркъан и анэшхуэ Фатимэ зэрыжиIэмкIэ, Залинэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, дэтхэнэ сабийми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэзыгъуэтыф егъэджакIуэ Iэззщ. Анэшхуэм фIыщIэ ин хуещI и къуэрыльхуэм текIуэныгъэ лъагэ къихьыным хуэзыыгэтIа, хуэзыгъэса Багъэтырым, сабийхэм я акъылым лъэныкъуэ куэдкIэ зиужьыным зи щIэныгъи зэфIэкIи хуэзыгъэпс бзылъхугъэм.

Андемыркъан и адэ Амири и анэ Бэлли я Iэщ1агъэкIэ математикэм епхащ. Абыхэм къаухащ КъБКъУ-м и экономикэ факультетыр. Амир ITV AxxonSoft дунейпсо компаниием и Iэщ1агъэлIщ, Бэллэ «Хъмапl» банк»-м и лэжьакIуэщ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, «UCMAS» (Universal Concept of Mental Arithmetic System) зэгухэсыгъэм и къудамэхэр щолажьэ дунейм и къэрал 80-м нэсым. Ижь-ижьыж лъэхъэнэхэм къыщежьа а щIэныгъэ унэтIныныгъэм л1эщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм зиIэтыжащ икIи дуней псом щызэзгрыкIащ. «UCMAS» академием и студент ныбжьыщIэхэм я бжьыгъэрэ абы къызэригъэпэщ зэпеуэхэм къызэщIаубыдэ унэтIныныгъэкIэ я программэр иратхащ Гиннесс Рекордхэмкlэ и тхылъым. А зэгухьэныгъэм ментальнэ арифметикэмкIэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ къызэригъэпэщ зэпеуэхэмрэ ял1эвыфын дунейм зэкIэ щыщыIэкъым.

Апхуэдиз ц1эрыIуаГъ зиIэ зэгухьэныгъэм и академием и студент Сыжажэ Андемыркъан, Ментальнэ арифметикэм и UCMAS программэмкIэ екIуэкIа 23-нэ дунейпсо зэпеуэм ещанэ увыпIэр къыщыхьа, абы и Кубокри зыхуагъэфэща адыгэ щIалэ ц1ыкIум дохъуэхуэу узынщагъэ быдэ иIэу, насыпыфIэу, акъылыфIэу, зыхьхьэм фIыкIэ къахэщу, лъэпкъыр, щIыналъэр зэрыгушхуэ, щапхъэу ягъэльагъуэ ц1ыху ц1эрыIуэ къыхэкIыну, ди республикэм и пщIэр къэралпсо, дунейпсо утыкуэм дяпэкIи щиIэтыну. Андемыркъан и ц1эр фIыкIэ иджыри куэдрэ къыз1эрыраIуэнум шэч къытехьэркъым. Афэрым, ди щIалэ зэчиифIэ! Уэркlэ мэгушхуэ уи унагъуэр, уи егъэджакIуэхэр, укъызыхэкIа адыгэ лъэпкъыр!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Гулъытэ

Дахагъэмрэ узыншагъэмрэ

«Ц1ыхум и узыншагъэмрэ дахагъэмрэ пыщIа гугъуехьхэр» фIэщыгъэр зиIэ медицинэ зэхьхьэ мы махуэхэм Налшык щекIуэкIащ. Абы хэтащ косметологиемрэ жьэ къупщхьэ-нэкIу хирургиемкIэ урысей Iэщ1агъэлI пажэхэр.

ЗЭIУЩIЭР зэгъуэсу къызэрагъэпэщащ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм, КъБКъУ-м Стоматологиемрэ жьэ къупщхьэ-нэкIу хирургиемкIэ и институтым, республикэм и стоматологхэм я щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм.

- Мы зэхьхьэм къызэхуишэсащ зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI Iэщ1агъэлIхэр. Абыхэм я зэфIэкIырщ, я Iэзагъэрщ пластикэ хирургием зиужьыным лъабжьэ быдэ хуэзхъунур. Къыхэзгъэщыну сыхуейт а унэтIныныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дохутырхэм екъуэлIныгъэхэр зэрагъэIэр, ц1ыхухэм я дзыхь къэрагъэзу зэрылажьэр, - жиIащ УФ-м Узыншагъэр зыумэныкIэ и министерствэм и штатым хэмыт пластикэ хирург нэхъыщхьэ **Мантуровэ Наталье.**

КЪБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр **Хъубий Марат** къыхигъэщащ зэIущIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэхуэгъуэхэр утыку къызэрыщрахьар.

- Дахагъэмрэ узыншагъэмрэ быдэу зэпыщIащ икIи ди нобэрей ГъащIэм медицинэм а и унэтIныныгъэм гулъытэ нэхъыбэ щыхуащI хъуащ. Дэ дызэрепльымкIэ, пластикэ хирургием медицинэм езым и увыпIэ щхьэхуэ щиубыдын хуейщ, - жиIащ министрым.

Зэхьхьэр махуитхукIэ екIуэкIащ. Абы мастер-классу 5 щагъэльэгъуащ, семинархэр, Iуэхугъуэ 22-кIэ зэпсэльныгъэ гъэщIэгъэнхэр къыщызэрагъэпэщащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Щ1ыналъэри къэралри зэрыгушхуэ

● ДифI догъэлъапIэ

Урысейм 2018 гъэр Волонтёрым и илъэсу щытащ. Мы тхыгъэр зытеухуа Къанэмэт ФатIимэ волонтёр Iуэхум и мыхьэнэр фIыуэ къызыгурыIуэ, абы ныбжьэру хэлэжьыхь, куэдым зезыпщыт, зи зэфIэкIымрэ щIэныгъэмрэ хэзыгъахъуэ, щIэ куэд зззыгъэлъагъу, щIыналъэри къэралри зэрыгушхуэ, нэхъыбэжкIэ зыщыгугъ щIалэгъуалэм ящыщц.

НАЛШЫК къалэм щыщ, Псыхуабэ щыIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым - экономист, Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым телерадиопрограммэхэм я продюсер Iэщ1агъэхэм щыхуеджа, иужьрейм культурологиемкIэ щыIэ къудамэм и аспирант, инджылызыбзэмрэ франджыбзэмрэ уэрсэру зыщIэ, китаибзэр зззыгъащIэ, Мокаевэ ФатIимэ зи унафэщI «Подиум Нальчик» модель школым щIэс, «Это была ты» комедием роль нэхъыщхьэр щызыгъэззащIа Къанэмэт ФатIимэ и иджыблагъэ Танзаниеи щекIуэкIа «World Miss Journalizm-2018» дунейпсо зэпеуэм ещанэ увыпIэр къыщихьащ. Щ1ыналъэ, дунейпсо зэхьзэхуэхэм щIэх-щIэхьыурэ зи зэфIэкI щеплъыж хъыджэбзым нэхъапэхэми апхуэдэ зэхьхьэхэм жыджэру зыкъыщигъэльэгъуащ. Ар хэтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщащэ тхэ1ухуэд - 2017» зэхьзззхуэм, Камбоджэм щекIуэкIа «World Miss Universitety-2017» дунейпсо зэпеуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iыкlыуэ.

Ди хэкуэгъу хъыджэбзым зыкъыщигъэльагъуэ дунейпсо зэпеуэхэр нэхъыбэу зытеухуар дахагъэ къудейркъым, атIэ абыхэм пщащэхэм я гупсысэкIэм, Iуэху епльыкIэхэм, гурылъхэм щытрагъащIэ, зи лIыкlуэ я щхьэхуэ зэрыщыщхьэхэм зэрыщеджэр къальытэу. Къанэмэт ФатIимэ зыхэта дунейпсо зэхьхьэшхуэхэр къызэзэгъащхьэхэм я щIыналъэ, зыщыщ лъэпкъыр нэхъыбэм къаригъэщIыхунымкIэ ар зэрыIэмалыфIыр къельытэри. ФатIимэ зыкъыщигъэльагъуэ дунейпсо зэхьхьэхэм я программэм хохьэ Правительствэм и лэжьакIуэхэм я зэIущIэхэр, студентхэм я конференцхэр, зэхуэсхэр, зыплъыхьакIуэхэр. Дуней псом къащта ди лъэпкъ фащэ екIур щыгъэ и нэгум гушхуэныгъэ кърихьу адыгэ хъыджэбзым хамэ къэралхэм я утыку ди щэнхабзэр, фэилъхьэгъуэр къызэрырихьэр гуапэщ.

Дуней псом и къэрал зэмыIэужьыгъуэхэм икIа хъыджэбзхэр зэрощыхь, ныбжьэгъу зэрогъэхъу. Абы и щ1ыхьэтщ Камбоджэм щекIуэкIа зэпеуэм хэтахэр гуп зэрыгъэхъуу Сабий уэрэн зэрыкIуар, иужькIэ абыхэм волонтёр зэгухьэныгъэ къызэрызрагъэпэщар. Ар къэщхьэпащ къэралхэм щызекIуэ Iуэху зэIуымыбзэр гъэзэкIуэжьным хэлъхьэныгъэхэр хуащIэныкIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Африкэм и лIыкlуэ хъыджэбзым я щIыналъэм щыIэ школыр зэрызэрагъэпэщыжьыну мылъку зэрамыIэр къыщигъэльагъуэм, ахъшэ зэхэдзэкIэ дэIепыкъуащ. Апхуэдизу зэкъуэзыщхьэхэр зэрагъэлъагъуэм, ахъшэ зэхэдзэкIэ дэIепыкъуащ. ХъэмахуитIым щIигъукIэ здащIэ Iуэху дахэм зэкъуигъэуба, гъэнэгъу зэхуищIа ныбжьэбзэхэр зэхьхьэ нэхъыми зэрощIэ, зыр адрейм и къуэпсым щыкIуэкIэ я деж ирагъэблагъэ, ягъэхьэщIэ, щIыпIэ дахэхэм зыщIагъэпльыхь. Iуэху гуапэм зэхуища ц1ыхухэр щIыз1эрыIыгъэм фIы куэд къыпокIуэ.

Зэпеуэхэм хэт пщащэхэм щакIэлъыпльым, ФатIимэ гу лъитащ къэралэ зэмыIэужьыгъуэхэм ящыщу зи щэнхабзэмрэ хабзэмрэ зэпэгъунэгъу лъэпкъхэм къыхэкIаэр нэхъ зэныбжьагъу зэрыхъуар, я дуней тетыкIэр нэхъ зэрызэщхьым папщIэ. Ауэ, муслымэм, чристэн диным итми, франджыбзэм е инджылызыбзэм ирипсалъэ хъыджэбзхэри бзэм щызэришалIэ щыIэт. Дауи, ул1ыхьэмэ, щ1ыхуэм зыгуэр зэщхьу зэрахэлъыр кьыпхуэгъэтынущ. ФатIимэ нэхъ ныбжьэгъу кьыхуэхьуащ текIуэныгъэмкIи лейуэ хущIэмыкIыу, бзаджагъэ зыхэмылъ, зи хьэл-щэнкIэ гу щабагъэ нэхъ зыдэплъагъу, укIыта зыхэлъхэрт. АпхуэдизкIэ нэхъыжьхэр нэхъ щагъэльапIэ, хабзэхэр нэхъ щызекIуэ Башкортостаным, Китайм, Индием я лIыкlуэхэр.

● Щ1эуп1Iэныгъэ

Республикэм и топджэгу нэхъыфI Мэшыкъуэ Хьэчим

«Советская молодёжь» газетым спортым тетхьэхь журналистхэм я деж Илъэсыщ1эм и пэ къихуэу щ1эуп1Iэныгъэхэр щрегъэкIуэкI, гъэ къызэдэкIым и футболист нэхъыфIыр игъэбелджылын папщIэ.

КЪЫЗЫХАХЫН я куэдт щIэупщIэныгъэм хэтахэм. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, журналистхэм я футболиститхум я ц1эр къраIуэн хуейт икIи яп1э ирагъэщым баллитху, етIуанэм - баллиплI, ещанэм - баллищ, апхуэдэу кьехьуэр трагуашэ. Кьищ1эныжмыщIауэ, гъэбелджылыпхъэт щIэуэ командэм и къыхьаэм ящыщу нэхъыфIыр, топ нэхъ дахэ дзэзыгъэкIар, «Спартак-Налшыкым» къыхьуIа зэIущIэмрэ щ1ыхуэмыхуамрэ.

Щ1эуп1Iэныгъэхэм къарикIуэхэм яп1э иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболист нэхъыфI 2018 гъэм хъуащ гъащIэхъуэмэныкIыуэ **Мэшыкъуэ Хьэчим**. Абы балл 30 къыхьащ. Хьэчим яп1э ирагъэщащ журналистищым, апхуэдизу дыдэм етIуанэу и ц1эр къраIуащ, зым ещанэу игъэуващ.

Мэшыкъуэм баллихкIэ къыкIэрыхуащ 2017 гъэм республикэм и топджэгу нэхъыфIу къалъытэ «Спартак-Налшыкым» и гъащIэхэтет **Щоджэн Борис**. Абы и ц1эр тIум яп1э къраIуащ, зым етIуанэу къыщIэкIыжащ, щым ещанэу игъэуващ, зым етхуанэу къиIытащ.

Ещанэ увыпIэр иубыдащ **Бажэ Амир**. Абы балл 19 къихьащ. Адэкlэ къыкIэлъыкIуэ **Бащэ Къантемырэ Лелюкаев Аланрэ**.

Иджыри футболиститхум я ц1э журналистхэм къраIуащ. Ахэр гъащхьэхъуэмэныкIыуэ **Абазэ Астемырэ Ольмезов Артурэ**, гъащхьэхъуэмэныкIыуэхэу **Шаваев Магомет**, **Машэжь Ратмир**, **Тебэрды Тимур** сымэщ.

Щ1эуэ къыхьыхьахэм ящыщу яп1э ирагъэщащ гъащхьэхъуэмэныкIыуэ **Iэпщащэ Марат**. Журналистиблым ящыщу пIым ар нэхъыфIу къальытащ.

«Спартак-Налшыкым» 2018 гъэм нэхъ къехьулIа зэIущIэу къальытащ Мейкъуап1э и «Дружба»-р 5:1-уэ щыхигъэщIар. НэхъыкIар Песчанокопскэм и «Чайка»-р ди къалащхьэм щыIэу къаззрытекIуапэ.

Мэшыкъуэ Хьэчим гъэ блэкIым и топджэгу нэхъыфIым и закъуэ-кым. Астрахань и «Волгарь»-м худи1экIа топыр псоми ефIэкIауэ журналистхэм къальытащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Сурэтым: **Мэшыкъуэ Хьэчим йобгъэрыкIуэ.**

● Шхыныгъуэхэр

Илъэсыщ!э Іэнэм

Гуэгуш е...

Адыгэхэм Илъэсыщ!эм нэхъыбэу Іэнэм кьыралъхьэр гуэгушылщ е кьазылщ. Гуэгуш гъэкъабзар зэпкърах, ятхьэщ!ри, посы кьэкъуалъэм халъхьэ. МафІэр ешэхауэ зы сыхьэт хуэдизкІэ ягъавэ. ИтІанэ бжьын, шыбжий (щхьэж зэрыфІэфІым хуэдэу) халъхьэ. Вэным нэса ноужь, шыгу хадзэ, бжьныкъу халъхьэ. И щхьэр теПуаэ дакъикъэ 15-20 хуэдизкІэ ягъэвэж. ЩыбгъавэкІэ тхъурымбэр кьытелъэщ!ыкІын хуейщ. Хьэзыр хъуа гуэгушылым П!астэ, бжьныкъу шыпс дашх. Ауэ гуэгуш шыпсыр зыфІэфІи щыІэщ. Ар зэрращІыр мыращ: тебэш тхъу иболъхьэ, абы бжьын упщІэтар хыболъхьэри бо-гъэлыбжьэ, хьэжыгъэр абы и гъусэу богъэлыбжьэ, уэзрыфІэфІу шыбжий хыбодзэ, итІанэ гуэгуш лэпсыр щ!ыбокІэжри, мафІэр ешэхауэ къытыбогъэкъуалъэ дакъикъитху-блы хуэдизкІэ.

Къаз гъэжьа, мыІэрысэ илъу

Къаз укІар ягъэкъабзэ, и кІуэщІыр кърах, псы щ!ыІэкІэ фІыуэ ятхьэщІ, и пщэ пытыпІэр е зэгуадэ, е пахьыкІ. Нэгэгъуэри тхьэкІыгъуэри ятхьэщІ. МыІэрысэхэр мыин дыдэуэрэ къыхащ!ыпыкІри, ягъэкъабзэ: якІэр кърач, я нэбжьыщ!ы щ!ыкІуэр пач, псы щ!ыІэкІэ ятхьэщІ. МыІэрысэхэр зыуп!щІати щ!ыІэщ, ауэ апэм адыгэхэм апхуэдэу ящІу щытакъым, щ!ыжькІэ и псыр къыщІэмыжьын щхьэкІэ. Къаз гъэкъабзам шыгъу фІыуэ щ!ахуэ, І!эмал зэрИІэкІэ и фэр уІэн хуейкъым. Абы и кІуэщІым нэгэгъуэр, тхьэмщІыгъуэр, мы!эрысэр ирал-ъхьэ, псы щ!ыІэ иракІэрэ зэгуадэм. И щ!ыбыр егъэзыхауэ ар тебэ куум иралъхьэ, псы щ!ыІэ тІэкІу щІакІэ, хьэкъуэм ирагъэуэрэ мафІэ мыгу-ащІэкІэ сыхьэт 1,5-2-м нэскІэ ягъажьэ тхъуэплъ хъуху. Щ!ыжьэкІэ и фэр тримысыкІын щхьэкІэ зззэмызэ псывэ текІэн хуейщ. Езым къыщІэж псыр е дагъэр теКІами хъунущ. Къазылыр жьамэ, и куэпкъым гуахъуэ е сапэ хэпІумэ щабэу хьыхьэнущ.

Ар хьэкулъэм кърахыжри и щ!ыбыр егъэзыхауэ тепщэчышхуэм иралъхьэ, Іуданэхэр кьыхахьыж, и кІуэцІым илъэхэм кърахыж. Къазыр Іыхьэ-Іыхьэу зэпкърах. Іэнэм щытрагъэувэкІэ мы!эрысэр яупщІатэ, абы и щІ!ым кьэзыІ Іыхьэхэр тралъхьэ, кьыщІэжа псыри дагъэри тракІэж. Щ!ажьхъуэ и гъусэу пщтыру яшх. Мы ерыскъыр Аруан, Джьылахьстэней щ!ыналъэхэм хуабжьу щ!ыц!эрыІуэщ.

Халъхьэхэр (цІыхуитху Іыхьэ):
къазу - 1,
мы!эрысэу - грамм 1500-рэ,
къаз кІуэцІым иракІэ псыуэ - грамм 460-рэ,
щ!ыжьэкІэ тракІэ псыуэ - грамм 200,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Щ!э лъапІэхэр

«Илъэсым и усакІуэ»

«Вестник Карачаево-Черкесии» газетым Кавказ Ищхьэрэм и усакІуэ нэхъыфІу кьилъытащ КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ усакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал сауТэтым и лауреат (1994 гъэ), зэдзэкІакІуэ Іэзэ Ацкъан Руслан.

Ацкъан Руслан Хьэсбий и кьуэр Лоскэн районым ыхьэ Ерокъуэ кьуажэм 1949 гъэм кьыщ!ахуащ. Анзорей кьуажэм дэт курыт еджапІэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэу, иужькІэ КъБР-м Щэнхабзэмкі э и министерствэм и лэжьакІуэу щытащ. Зы зэманкІэ абы игъэунэхуащ журналист Іэщ!агъэри. 1980 гъэ лъандэрэ «Эльбрус» тхьилъ тедзапІэм щолажьэ, 2003 гъэм щегъэжьауэ абы и унафэщІ.

Ацкъаным тхьилъу тІощ!ым нэблагъэ кьыдигъэкІащ. И ятІонэрэ усэ тхьилъыр («Пшэ хужьхэр») - 1972 гъэм, етІуанэр («Удз толъкъунхэр») 1977 гъэм кьыдэкІащ. Абы-кІэм къакІэлъыкІуащ «Гъэрэ щ!ырэ» (1979), «Шэсыпі!э» (1983), «Си махуэ - си хуарэ» (1984), «Усэхэмрэ новеллэхэмрэ» (1993), «НатІэм кьритха» (1996), «Соннетищэ» (2007), «Усэхэр» (2007), «Уэшх нэужьым» (2014), Лермонтов Михаил и Кавказ поэмэхэр (зэдзэкІауэ) (2018) тхылъхэр, нэгъэущІхэри.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

«Илъэсым и журналист»

«Вестник Карачаево-Черкесии» газетым гупльитэ зыхуищІахэм ящ!ыщІ Адыгэ Республикэм щ!ыхь зиІэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм и унафэщІ Нэщ!эпыджэ Замирэ. Редакцэм иригъэкІуэкІа къэпщ!ытэныгъэхэм япкъ иткІэ, 2018 гъэм и журналист нэхъыфІу кьалъытащ Замирэ.

Нэщ!эпыджэ Замира Лиуан и пхъур 1979 гъэм Аруан щ!ыналъэм хьыхьэ Къэхъуэн къуажэм кьыщ!ал-хуащ. Къэхъуэн курыт еджапІэ №2-р кьиуха нэужь, КъБКъУ-м Филологиемкі э и институтым щІэтІысхьащ.

«Филолог. Редакцэм и литературэ лэжьакІуэ» Іэщ!агъэр зригъэуэта нэужь, 2002 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым лэжьэн щ!ыщІидзащ, 2012 гъэ лъандэрэ Политикэмкі э, жьлагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі э кьудамэм и унафэщІщ.

Замирэ ядолажьэ КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Краснодар крайм кьыщ!ыдзкІ газетхэмрэ журналхэмрэ. Абы и тхыгъэхэр куэдрэ кьытохуэ «Черкес хэку», «Адыгэ макъ», «Шапсугия» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Литературная Адыгея», «Эжкъэущ!ыгъ», «Нур» журналхэм. Зэкъуэш! республикэзэм адыгэбзэкІэ кьыщ!ыдзкІ газетищ!ым зэгъусэу ягъэхьэзыр номерхэм и гущІэ хелъхьэ, редакцэхэм я журналистхэм я зэхуэсхэм хэтщ. Ар куэдрэ тотхьхь хамэ кьэралхэм щикъуежьа ди лъэпкъэгъуэхэм. Тыркум, Израилым, Германием, нэгъэущІ щ!ыпІэхэм щ!ыІащ, абыхэм щ!ыхэзс адыгэхэмрэ абы-хэм я псэукІэмрэ газет нэпкІэущІхэм кьытридзащ, телевиденэмкІэ нэтынхэр кьигъэлъэгъуэжащ. Израилым и адыгэ кьуажитІым, Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ щ!ыпсэуухэм ятеуухуахэр зэрыт газет щхьэхуи кьыдигъэкІащ.

Нэщ!эпыджэ Замирэ 2004 гъэ лъандэрэ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. КъБР-м и министерствэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м и Жьлагъуэ палатэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я щ!ыхь тхылъхэр кьыхуагъэфощащ, зэпеуэм апэ увыпІэхэр кьыщ!ихьащ.

2014 гъэм Нэщ!эпыджэм кьыфІащащ «Адыгэ Республикэм щ!ыхь зиІэ и журналист» цІэ лъапІэр.

Фи жьэгур зэи иремыужьых!

Мэршэнкъул Алим Аслъэн и къуэмрэ Щомахуэ Миланэ Валерэ и пхъумрэ дынывохъуэхъу

Зэгурыіуэрэ лъагъуныгъэрэ, хабзэрэ нэмысрэ щ!эзекІуэ, сабий дыхьэщх макъыр жьгъырууэ щ!ыІу, зи жьэгур мыужьых унагъуэ лъэщ фыхьуну, фи щ!ынымрэ акъ!ылымрэ санэхуафэр хуаІэ-ту, цІыхугъэр кьывдзэлъэйуэ, фы!эыхуеджэ Іэщ!агъэм и хъер флъагъуу гъащІэ дахэ зэдефхьэкІыну ды-нывохъуэхъу псэуэгъу зэхуэхьуа ныбжьыщ!итІым.

Дызыплежьэ Илъэсыщ!эм дэтхэнэри фІыкІэ дыщогугъри, фи гурылъхэр нахуанІэ фхуэхъуну, Тхьэр фІыгъуэу щ!ыэмкІэ къыфхуэупсэну ди гуапэщ!

Хьэфы!цІэхэ, Мэршэнкъулхэ.

● Псалъэжьхэр

Уи апэ лъэпэрэпам ущІэмынакІэ

♦**Пэжыр къару лъэщщ.**
(Осетин).

♦**Унагъуэ зэгурымыІуэм фы!гъуэ илъкъым.**
(Ингуш).

♦**Лъагъуныгъэ зэрымылъ унагъуэр лъабжьэ зимыІэ жыгым хуэдэщ.**
(Лак).

♦**Щхьэ зыфІэтыр пы!э щ!ыщІэнкъым.**
(Балъкъэр).

♦**Уи апэ лъэпэрэпам ущІэмынакІэ.**
(Шапсигъ).

♦**Дыгъужьым и кІэр пыбупщІкІэ ар хьэ хъунукъым.**
(Нэгъуей).

♦**КІэпІейкІэр зымылъытэм сомми пщІэ хуищ!ынукъым.**
(Лезгин).

♦**Делэр шым тегъэтІысхьи, и адэ къицІыхужьнукъым.**
(Къумыкъу).

● Илъэсыщ!э хъуэхъуэхэр

Илъэсыжь едгъэжьэжым нэщ!эбжьэу, гукъеуэу, гугъуехьу щ!ытлъэгъуахэр дызытехьэ илъэсыщ!эм хуэдэ минкІэ нэхъ мащІэ хъуну!

* * *

Илъэсыщ!э къытхуеблагъэм гъэжьым щ!ытлъэгъуа гуфІэгъуэхэр, гукъыдэжкхэр, дэрэжэгъуэхэр, ехъулІэныгъэхэр, абы дыщ!ызыхущ!экъуэ нэмысыр, цІыхугъэр, насыпыр, хабзэ дахэр, гу щабагъэр, гущІэгъулыгъэр, гукъабзагъэр, бзэІэфІыгъэр хуэдэ минкІэ тхуэбгъэуэну!

* * *

Мы илъэсыщ!э дызыхьыхьэм щ!ыщІэдзауэ ди нэхъыжьыфІхэр жьыщхьэ махуэ хъуну!

* * *

Ди нэхъыщ!эфІхэр фІы!гъуэ натІэу псэуну!

* * *

Щ!алэхэр малъхъэфІ хъуну!

* * *

Хъыджэбзхэр нысэфІ хъуну!

* * *

Къуэхэр адэ-анэкІэ хьэлэлу щытыну!

* * *

Пхъухэр адэ-анэкІэ гу щабэу щытыну!

* * *

Зэщхьэгъусэ зэгурымыІуэ щ!ымы!эжьыну!

* * *

Унагъуэ къэс зэшитху зэшхуэзэес зэрыс унагъуэм и щІэгъэкъуэгъэ кьихъуэну!

* * *

А тхум я шыпхъуищыр щэныфІэ защІэрэ Іуэху щІэн хуэпабгъэу щытыну!

* * *

Адэ-анэхэм я щапхъэфІкІэ бын щ!ыпкъэ ягъэсэну!

* * *

Бзылъхугъэхэм зыхьыхьа Іыпкъэр ягъэбгъэуэну!

Сурэтыщ!ІцІэрыІуэм и лэжьыгъэхэр

Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщ!ГъуазджэхэмкІэ муэйм дыгъэгъазэм и 27-м щ!ыщІэдзауэ щагъэлъагъуэ художник цІэрыІуэ Мэзло Эдуард и лэжьыгъэхэр.

ЗИ СУРЭТХЭР дунейпсо утыку изыхьэ, Москва къалэм, Инджылызым, Италием, нэгъэущІ къэралхэм щ!ипсэухэм ящ!ыщ ГъуазджэР фІыуэ зыльгъагъэхэм зи лжьэкъэхэр зэхуахьэс Мэзло Эдуард и Іэдакъэ къыщ!экІахэр налшкідзэсхэм я дежкІэ Илъэсыщ!э тыгъэу къэлпІытэмэ, дауи, ущІуэнукъым.

Гъуазджэм и курых лэжьыгъэхэм дахьэхэр выставкэм феплъыну гукъыдэж фиІэмэ, щ!ыщылэм и 6 пщІондэ екІуэкІынущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Псалъэ гуапэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу, ныбжьэгъухэу, лэжьэгъухэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэ» зэгухьэныгъэр Илъэсыщ!эмкІэ, абы къыкІэлъыкІуэ Хъуромэ махуэшхуэмкІэ дынывохъуэхъу! 2019 гъэм ехъулІэныгъэр фи бэу, жэрдэм фи куэду, фи къарур багъуэу, фи мурад псори кьывжьэулІэу Тхьэм фигъэпсэу.

Фэри фи Іыхьлыхэми узынщагъэрэ ехъулІэныгъэрэ, гуапагъэрэ мамырыгъэрэ фиІэну, фи унагъуэхэм гупсэхугъуэ илъыну, гурыфІыгъуэкІэ гъэнщІауэ илъэсыр екІуэкІыну ди гуапэщ.

Махуэшхуэ гукъыдэж фыщ!ымыщІэу илъэс псор ефхьэкІын Тхьэм ищІ!

ГЪУКІЭЛІ Хьэсэн,
«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэ» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.

Ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ номерыр къыщ!ыдзкІынур щ!ышылэм и 10-рщ.

● Щ!ыналъэхэр

Дунейм зэрыщ!ызэпсалъэ бзэхэр

● Фэ фщІэрэ?

Путунхуа - китай бзэ гупым щ!ыщІщ. Ар цІыху мелуан 800-м я анэдэлъхубзэщ, ауэ абы цІыху мелардым щІигъу иропсалъэ. А бзэм щропсалъэ Китаймэ, Тайваным, Малайзием, Сингапурым, Вьетнамым, нэгъэущІ къэралхэми.

Хинди урду - Индием и бзэхэм ящ!ыщІ. Ар цІыху мелуан 55-м я анэдэлъхубзэщ, ауэ цІыху мелуан 900-м нэс иропсалъэ. А бзэм щропсалъэ Индием, Пакистаным, Непалым, Фиджим, Маврикийм - псори зэхэту къэрал 20-м нэсым.

Испаньбзэр - роман бзэ гупым щ!ыщІщ. Ар цІыху мелуан 400-м я анэдэлъхубзэщ. Ауэ абы иропсалъэхэр мелуан 450-м щІегъу - Испаниемэ, Мексикэм, Колумбиемэ, Эквадорым, Перурм, Боливием, Аргентинэм, Уругвайм - къэрал 23-м щ!ыпсэухэр.

Инджылызыбзэр - цІыху мелуан 400-м я анэдэлъхубзэщ, ауэ абы цІыху мелардым щІигъу иропсалъэ: Великобританиер, США-р, Ирландиер, Австралиер, Новэ Зеландиер, Канадэр, нэгъэущІхэри - псори зэхэту къэрал 76-рэ.

Хьэрыпыбзэр - цІыху мелуан 200-м я анэдэлъхубзэщ, ауэ абы иропсалъэ цІыху мелуан 250-м щІигъу. Саудэ Хьэрыпыр, Йеменыр, ОАЭ-р, Оманыр, Кувейтыр, Иракыр, Сириер, Иорданиер, Египетыр, Марокко-р - псори зэхэту къэрал 22-м я цІыхухэр.

Урысыбзэр - славян бзэ гупым хохьэ. Ар цІыху мелуани 170-м я анэдэлъхубзэщ, ауэ абы цІыху мелуан 320-рэ иропсалъэ. А бзэр щ!ызокІуэ Урысей Федерацэм, Белоруссием, Украинэм, Къэзахъстаным, Кьыргы!ызым, нэгъэущІ щ!ыпІэхэмри.

Псалъэзэблэдз

Дыгъэгъазэм и 22-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1.** Темыркъан. **3.** Уэзырмэс. **5.** Нэгу. **7.** Дыгъу. **9.** Хьэрхуэрэгъу. **11.** КъардэнгъущІ. **13.** Тырку. **15.** Сэмб. **17.** КІапинэ. **18.** Зэижэгъу. **20.** Нанэ. **21.** Гъудэ. **22.** Фэнд. **24.** Щ!ыгъын. **25.** Щэрхъ. **27.** КІапэпкъ. **29.** Удж. **30.** Мурад. **31.** Чэ. **32.** Тебэ. **33.** ГъущІ. **35.** Мазэ. **36.** Бгырыс. **37.** Шуудзэ. **38.** Алабгъуэ. **39.** Зэрыджэ. **40.** Пхъэ. **41.** Инджылызэ. **42.** Гупэ. **44.** Пшэ. **46.** ТэмакъКІыхьагъ. **47.** Санэхуафэ. **48.** КІыщ. **49.** Ней. **50.** Удэлъэрыжэ. **53.** Тхьэгъэлэдж. **55.** Іэгъэтынш. **57.** Бззэртет. **59.** Партизан. **61.** Мамкъут. **63.** Нэмэзлыкъ. **65.** Кьэхъун. **67.** Ашэмэз. **68.** Убых. **70.** Ауан. **72.** Лыд. **74.** Дамэду. **76.** Март. **77.** Сатыр. **78.** Тэрч. **80.** Лэгъупыкъу. **82.** Мулид. **83.** Хуэдибгъу. **85.** Кьурэ. **86.** Джэду. **87.** Абджьпс. **88.** Ефэ. **89.** Щтэ. **90.** Гъэр. **91.** ХьэуаскІэ. **92.** Шыр. **93.** Нэху. **94.** Іуей. **95.** ЛэжьэгъуафІэ. **96.** Хей. **97.** Псэ. **98.** Шхылэ. **99.** Гъунэ. **100.** Жейбащхьуэ. **101.** Уафэгъуагъуэ.

Къехьу: **1.** Тхъэрыкъуэфдзгу. **2.** Нэщхъеягъуэншэ. **3.** Уэлбаналэ. **4.** Сэмэгурабгъу. **5.** Налкъутналмэс. **6.** ГуащІдэкІ. **7.** Дауэгъу. **8.** Гъуапльэ. **9.** ХьэцэпэцэхэкІ. **10.** Гъусэ. **11.** Къаз. **12.** ЩІэнигъэншагъэ. **13.** Тэн. **14.** Кугъуэ. **15.** Сакъылэт. **16.** Бжэ!упхъуэ. **17.** КІэрыуТ!ыпщ. **19.** Гъуанэдэс. **22.** Фэтыджэн. **23.** Дыдж. **24.** Щ!ым. **25.** Шабзэ. **26.** Хъарып. **28.** Кьабзэ. **29.** Уэлий. **31.** Чэт. **34.** Щ!агъ. **36.** Бэу. **43.** Пшыхь. **45.** Шатэ. **51.** Дзасэ. **52.** Жаса. **53.** Тэрззэмэзан. **54.** Джьлэхъстэней. **55.** Іэпэдзгъэлэл. **56.** Шзэ. **57.** Бззэрынэхэх. **58.** ТэмакъкІэщ!ыгъэ. **59.** ПащІэкІапсэ. **60.** Нащхъуэбзащхъуэ. **61.** Мыл. **62.** Тхьэмбыл. **63.** Нэд. **64.** Къэпщ!эныгъэ. **65.** Кьэдабэщ!ихь. **66.** НащэгъэфІэ!у. **67.** Анэхъильхъ. **68.** Уэм. **69.** Хэт. **70.** Адэпэлъытэ. **71.** Нэрымыльагъу. **73.** Дунейкъутэж. **75.** Уэрэдус. **77.** Сом. **78.** Тэлай. **79.** Чытап. **81.** Къуанщэ. **84.** Гъущэ. **85.** Кьурш. **87.** Ару.

Редактор нэхъыщ!хьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щ!ытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щ!ынальэ Іуэхущ!апІэм №Н-0065-м щ!эту ятхащ.
Газетым Іэ щ!ытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 2.119
Заказ №1271